NGUDI SUCÈNING JIWA LAN RAGA LUMANTAR SHIYAM LAN IDUL FITRI 1443 H

Dening: Mukhlisin Purnomo, S.Th.I, M.Pd.I
Penyuluh Agama Islam Kankemenag Kulon Progo

اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ، اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ، اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ، وَلِلّٰهِ الْحَمْدُ، اللهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا، وَالْحَمْدُ لِلّٰهِ كَثِيرًا، وَسُبْحَانَ اللهِ وَبِحَمْدِهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا، وَنَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ، وَلَا نَعْبُدُ إِلَّا إِيَّاهُ، وَنَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا وَنَبِيَّنَا مُحَمَّدًا رَسُولُ اللهِ، وَرَحْمَتُهُ الْمُهْدَاةُ، صَلَّى اللهُ وَسَلَّمَ وَبَارَكَ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، وَعَلَى اٰلِهِ وَأَصْحَابِهِ الطَّيِّبِيْنَ الطَّاهِرِيْنَ. أَمَّا بَعْدُ، فَأُوصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللهِ العَلِيِّ العَظِيْمِ، القَائِلِ فِي كِتَابِهِ الكَرِيْمِ: قُلْ بِفَضْلِ اللهِ وَبِرَحْمَتِهِ فَبِذَٰلِكَ فَلْيَفْرَحُوا هُوَ خَيْرٌ مِمَّا يَجْمَعُونَ (سورة يونس: ٥٨)

اللهُ أَكْبَرُ، اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ، وَلِلّٰهِ الْحَمْدُ

Ma’asyiral Muslimin rahimakumullah,

Enjang punika kita sedaya sami ngraosaken kabingahan lan syukur awit sampun paripurna anggenipun nindakaken siam kanthi tilar nêdha ngombe lan sarêsmi, ugi lajêng nilar ing budi lan pakêrti ingkang cinacad, santun anindakakên budi lan pakêrti ingkang luhur, lan pinuji. Enjang punika kita mahargya dinten bakda utawi ‘Idul Fitri. 'Idul Fitri, têgêsipun: pesta, manahipun sami bingah, jalaran sampun sami nglampahi kuwajibanipun kanthi sagêd nanggulangi godha. Dinten riyaya punika satunggaling dinten kangge ngetingalaken kabingahan. Kabingahanipun tiyang muslim wonten ngalam dunya inggih punika nalika saged nglampahi ketha’atan dhateng Allah. Piyambakipun tansah nyadhong tumurunipun rahmat lan nugraha lumantar ganjaran ingkang badhe katampi: Allah ta’ala paring dhawuh:

قُلْ بِفَضْلِ اللهِ وَبِرَحْمَتِهِ فَبِذَٰلِكَ فَلْيَفْرَحُوا هُوَ خَيْرٌ مِمَّا يَجْمَعُونَ (سورة يونس: ٥٨)

“Dhawuha sira Muhammad: "Tumurun ing al-Quran iku yekti kalawan kanugrahane Allah, lan rahmate", jalaran saka iku sira padha bungaha, lan hiya iku kang luwih becik tinimbang barang kang padha dikumpulake.” (QS Yunus: 58)

Raos bingah lan syukur kalawau lajeng kita wujudaken kanthi kumandhanging takbir, tahlil lan tahmid supados syiar Islam wonten ing negari kita ketingal regeng lang gayeng kalajangakaken nindakaken amal solih supados kita tansah manggih rahmat lan kabegjan saking ngarsaning Allah. Lan ampun kesupen kita tansah dedunga dhateng Allah kados ingkang kaserat dening Imam Ibnu Hajar al-Asqalani ing Kitab Fathul Bari, kanthi ucapan :

تَقَبَّلَ اللهُ مِنَّا وَمِنْكَ

“Mugi Allah kepareng nampi pangibadahan kita lan panjenengan”

Utawi maos dunga :

تَقَبَّلَ اللهُ مِنَّا وَمِنْكُمْ تَقَبَّلْ يَا كَرِيْمُ وَجَعَلَنَا اللهُ وَإِيَّاكُمْ مِنَ الْعَائِدِيْنَ وَالْفَائِزِيْنَ وَالْمَقْبُوْلِيْنَ كُلُّ عَامٍ وَاَنْتُمْ بِخَيْرٍ

“Mugi-mugi Allah kepareng nampi pangibadahan kita lan panjenengan sedaya, dhuh gusti Allah ingkang Maha Mulya mugi kersa nampi estu, lan Allah kepareng andadosaken kita lan panjengan sedaya kalebetna golonganipun tetiyang ingkang wangsul, tiyang ingkang sami nampi kamenangan saha kabegjan, lan saben tahun tansah winantu ing kabecikan”
Allahu Akbar Allahu Akbar Allahu Akbar wa lillahi al-hamd
Jamaah Idul Fitri ingkang bagya mulya

Rikala ing Wulan Siam kita sampun ambangun ing raga jiwa sagêda langkung suci, langkung sampurna, sarana nindakakên siam sawulan muput (botên kenging gothang). Dene ingkang dipun sucèni inggih punika:

1. Badanipun wadhag saking rêrêgêding sêsakit, sadaya rêjêki ingkang sampun tumama ing badan wadhag salêbêting sataun, ingkang kirang sae tumrap kasarasaning badan, sagêda sirna margi kangge siam, lajêng santun rêjêki inggal ingkang suci saking sêsakit, mila tiyang siam, panêdhanipun rêjêki (buka lan saur), kêdah kikrik. Lan la cumpia namung sacêkapipun, sampun ngantos kêladuk (aji pumpung) punapadene kêdah milih ingkang khalal.
2. Nyucèni ing tindakipun lair, saking lampah kawiyatan. Ingkang tuwuh saking păncadriya lair, saha solah-bawa, lan muna-muninipun, malah salêbêting siam, kajawi anggènipun siam kêdah ngampaha ing hawa napsunipun, saking tindak ingkang ingawisan dening sarak agama. Kaêrèha dhatêng lampah pangabêkti ing Gusti Allah, anglangkungi tinimbang ing wulan sanèsipun.
3. Nyucèni ing budinipun, saking watak (ambêg) ingkang cinacad, adiguna, jubriya, takabur, sasaminipun.
4. Nyucèni ing raosipun, têgêsipun salêbêting wulan Siam, tansah kanggea tawajuh (umadhêp) ing Gusti, mengo saking sanèsipun (kadonyan).

Cêkak aosipun, ing salêbêting wulan Siam punika amung mligi kangge ambangun ing raga jiwa sagêda langkung suci, langkung sampurna, tinimbang sadèrèngipun siam, pramila sabibaring wulan Siam lajêng katitia, kadospundi kawontênaning raga jiwanipun, punapa sampun rêsik yêktos, punapa dèrèng? Manawi taksih rumaos kanggenan dosa ingkang tumrap ing Gusti Allah karêsikana ing dintên lêbaran wau, sarana lampah tobat. Jêr dintên lêbaran wau dintên tumuruning kamirahaning Gusti. (Sangat ijabah) sintêna ingkang nyênyuwun ing dintên lêbaran wau, sinagahan badhe sinêmbadan. Nabi Paring Dhawuh:

وَيَقُوْل :سَلُوْنِي فَوَعَزَّتِي وَجَلَالِي لَا تَسْأَلُوْنِي الْيَوْمَ شَيْئًا فِيْ جَمْعِكُمْ هَذَا لِأَخِرَتِكُمْ إِلاَّ أَعْطَيْتُكُمُوهُ وَلَا لِدُنْيَاكُمْ إِلّا نَظَرْتُ لَكُمْ، اِنْصَرِفُوْا مَغْفُوْراً لَكُمْ، قَدْ أَرْضَيْتُمُوْنِي وَرَضِيْتُ عَنْكُم ."

Allah Dhawuh: “Wus tha sira padha jaluka marang Ingsun, mangka demi sifat Mulya lan keagungan Ingsun, ing dalem iki dina sira kabeh pada jaluka marang ingsun apa bahe, perka kang kanggo akhiratmu kabeh lan perkara

kang kanggo dunyamu kabeh, kejaba ingsun mesthi maringi, sira kabeh pada bubaran oleh pangapuran. Sebab sira kabeh padha ridha lan demen marang ingsun sarana nuruti perintah Ingsun, semono uga ingsun hiya tansah ngeridhani marang sira kabeh"

اللهُ أَكْبَرُ، اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ، وَلِلّٰهِ الْحَمْدُ

Para jamaah idul fitri rahimakumullah

Kawuningana, dosaning manungsa punika botên ngêmungakên dhumatêng Gusti Allah kemawon, nanging ugi gadhah dosa (kalêpatan) dhumatêng sasamining manungsa. Mila ugi kabirata pisan, supados sagêda suci ing dintên punika, sarana lampah halal bihalal sami silaturahmi dhatêng sanak sadhèrèk, saha tumrapipun pakêmpalan damêl pêpanggihan halal-bihalal kalihan warganipun, amargi manungsa punika namung tansah kêbak ing pangodha, ingkang lajêng ambujêng prêlunipun piyambak, botên maèlu kawisunaning liyan, ingkang tundonipun adamêl êcrah lan pasulayan, tur botên namung dhatêng sanès băngsa kemawon, dalah bangsanipun piyambak dumugi kulawarganipun pisan inggih asring cêcongkrahan, măngka congkrah punika têtela botên wontên saenipun, malah sagêd damêl kapitunan ing sadayanipun, amila wajib dipun singkiri têbih. Nabi paring dhawuh:

لَا تَخْتَلِفُوا فَإِنَ مَنْ كَانَ قَبْلَكُمْ اِخْتَلَفُوْا فَهَلَكُوا

"Aja padha cecongkrahan sanyata kaum sadurunge sira kabeh padha cecongkarahan banjur pada rusak (HR. Bukhari)

Dene nyingkiri cêcongkrahan, kalihan ambangun sih katrêsnan, punika pancèn dados bakuning pasadherekan, tuwin sami kemawon kalihan bakuning kajêngipun pakêmpalan-pakêmpalan, inggih punika kêdah sami katancêban manah rukun purun tulung-tinulung lan samad-sinamadan. Samăngsa tiyang pasadherekanipun sagêd kados makatên, tuwin pakêmpalan ingkang warganipun sami sayuk iyêg rukun saeka-kapti, inggih sae, jêr sampun kasêbut ing dalêm kăndha: rukun agawe santosa, punika yêktos, amargi bêbasanipun malih wontên: yèn sira arêp nyandhang sasuwèk, kirim karcis sailat, mangan sêga sapulukan, iku kudu ana tangan sèwu kang tumandang.

Para jamaah idul fitri rahimakumullah

Mekaten ingkang saged kita aturaken mugi saged dados pepenget kula panjenengan. Sumangga wonten ing wulan Syawal ingkang kebak berkah punika tansah aningkataken amaliah kita supados kita kalebet tiyang ingkang begja dunya tuwin akhiratipun.

أقولُ قَوْلِيْ هٰذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللهَ لِيْ وَلَكُمْ، فَاسْتَغْفِرُوْهُ، إِنَّهُ هُوَ الْغَفُوْرُ الرَّحِيْمُ

KHUTBAH II

اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ، اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ، اللهُ أَكْبَرُ وَلِلّٰهِ الْحَمْدُ، وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا وَنَبِيَّنَا مُحَمَّدًا عَبْدُ اللهِ وَرَسُولُهُ، فَاللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا وَنَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ، وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ المَيَامِيْنَ، وَالتَّابِعِينَ لَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ. أما بعد فَأُوصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللهِ عَزَّ وَجَلَّ وَاتَّقُوا اللَّهَ تَعَالَى فِي هَذَا الْيَوْمِ الْعَظِيمِ، وَاشْكُرُوهُ عَلَى تَمَامِ الصِّيَامِ وَالْقِيَامِ، وَأَتْبِعُوا رَمَضَانَ بِصِيَامِ سِتٍّ مِنْ شَوَّالٍ، لِيَكُونَ لَكُمْ كَصِيَامِ الدَّهْرِ وَصَلِّ اللّٰهُمَّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا وَنَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ، كَمَا أَمَرْتَنَا، فَقُلْتَ وَقَوْلُكَ الْحَقُّ: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوْا صَلُّوْا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا، اللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا وَنَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ، وَارْضَ اللّٰهُمَّ عَنِ الْخُلَفَاءِ الرَّاشِدِينَ، أَبِي بَكْرٍ وَعُمَرَ وَعُثْمَانَ وَعَلِيٍّ، وَعَنْ سَائِرِ الصَّحَابَةِ الصَّالحينَ، اللّٰهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ مُجِيبُ الدَّعَوَاتِ، اللّٰهُمَّ اجْعَلْ عِيدَنَا هَذَا سَعَادَةً وَتَلَاحُمًا، وَمَسَرَّةً وَتَرَاحُمًا، وَزِدْنَا فِيهِ طُمَأْنِينَةً وَأُلْفَةً، وَهَنَاءً وَمَحَبَّةً، وَأَعِدْهُ عَلَيْنَا بِالْخَيْرِ وَالرَّحَمَاتِ، وَالْيُمْنِ وَالْبَرَكَاتِ، اللّٰهُمَّ اجْعَلِ الْمَوَدَّةَ شِيْمَتَنَا، وَبَذْلَ الْخَيْرِ لِلنَّاسِ دَأْبَنَا، اللّٰهُمَّ أَدِمِ السَّعَادَةَ عَلَى وَطَنِنَا، وَانْشُرِ الْبَهْجَةَ فِي بُيُوتِنَا، وَاحْفَظْنَا فِي أَهْلِينَا وَأَرْحَامِنَا، وَأَكْرِمْنَا بِكَرَمِكَ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ، رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً، وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً، وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ، وَأَدْخِلْنَا الْجَنَّةَ مَعَ الْأَبْرَارِ، يَا عَزِيزُ يَا غَفَّارُ. عِبَادَ اللهِ، إِنَّ اللهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالإِحْسَانِ، وَإِيْتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالبَغْيِ، يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُوْنَ. فَاذكُرُوا اللهَ الْعَظِيْمَ يَذْكُرْكُمْ وَلَذِكْرُ اللهِ أَكْبَرُ، عِيْدٌ سَعِيْدٌ وَكُلُّ عَامٍ وَأَنْتُمْ بِخَيْرٍ